



KAT ASIRANS OU AN


Pwobableman plan sante w la te voye yon kat asirans pou ou ak enfòmasyon konsènan kouvèti w la. Kenbe li. W ap bezwen li lè pou wè yon founisè oswa si ou rele plan sante w la pou poze yon kesyon. Kat ou a ka parèt diferan ak sa ki anba a men li ta dwe gen menm kalite enfòmasyon. Kèk plan sante pa bay kat men yo ta dwe ba w enfòmasyon sa a yon lòt fason. Kontakte plan w lan si ou pa t resewva yon kat oswa ou pa ka konprann li.

2. Nimewo Manm

Nimewo sa a itilize pou idantifye w. Li di founisè w la kòman pou li faktire plan sante w la. Si mari ou oswa madanm ou oswa piti ou sou kouvèti ou tou, nimewo manm nou yo ka sanble anpil.

1. Non Manm

Sa a anjeneral enprime sou kat ou a.



Konpayi Asirans

Non Manm: Jane Doe 1	Tip Plan: 134 6
Nimewo Manm: XXX XXX XXXX 2	Dat efektif: 1/1/21
Nimewo Gwoup: XXX XXX XXXX 3	# Gwoup Preskripsyon: 123456789
Kopèman PCP: \$15.00 4	kopèman Preskripsyon: \$15.00 Jenerik
Kopèman espesyalis: \$25.00 4	\$25.00 Non mak
Kopèman Chanm Ijans: \$25.00 4	
Sèvis Manm: 800 XXX XXXX 5	7

3 Nimewo Gwoup:

Yo sèvi ak nimewo sa a pou suiv avantaj espesifik plan ou a ofri yo.

4 Kopèman

Sa yo se kantite lajan w ap dwe lè w jwenn swen sante.

5. Nimewo Telefòn

Ou ka rele plan sante w la si w gen kesyon sou fason pou w jwenn yon founisè oswa sou sa kouvèti w la gen ladan l.

7. Kopèman Preskripsyon

Sa yo se kantite lajan w ap dwe pou chak preskripsyon ke ou te egzekite.

6. Tip Plan:

Kat ou a ka gen yon etikèt tankou HMO oswa PPO pou dekri kalite plan ou genyen an. Etikèt sa yo fè w konnen ki kalite rezo plan w lan genyen, konsa w ka wè ki founisè ki "nan rezo" pou ou.

8. Enfòmasyon sou pri

Y ap montre nouvo enfòmasyon sou pri yo sou kat idantifikasyon asirans fizik oswa elektwonik yo ba ou a (anjeneral yo jwenn li so do kat la) ki gen ladan l, dediktib, ki aplikab yo, limit depans maksimòm ki aplikab yo, ak yon nimewo telefòn ak sit entènèt kote ou ka jwenn èd oswa plis enfòmasyon.

go.cms.gov/c2c

Depatman Sante ak Sèvis Sosyal Etazini peye pou sa.
Dat Revizyon: Me 2022 Piblikasyon #11818-HC

